

Superintendent of Schools
Alberto M. Carvalho

Miami-Dade County School Board
Perla Tabares Hantman, Chair
Dr. Martin Karp, Vice Chair
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Carlos L. Curbelo
Dr. Lawrence S. Feldman
Dr. Wilbert "Tee" Holloway
Dr. Marta Pérez
Raquel A. Regalado

29 Janvye , 2013

Chè Paran oswa Responsab Legal:

Pitit ou te nan lekòl nan yon distri ki resevwa lajan Tit III nan Depatman Edikasyon Etazini (USDE) dapre Lwa pou Okenn Timoun pa Rete Dèyè (NCLB). Lajan Tit III se yon lajan ki la pou ede elèv k ap aprann lang Angle (ELL) epi ki se pitit imigran ki fèk rive nan peyi ak jèn moun vin gen konpetans oswa devlope konpetans nan lang Angle pidevan, ak satisfè prensip matyè akademik ak siksè elèv nan nivo klas yo menm jan ak kamarad klas yo nan lekòl piblik Florida. USDE egzije Depatman Edikasyon Florid ak tout distri lekòl yo pou yo pran responsablite yo pou pwogrè ELL yo avèk *Objektif Anyèl pou Siksè yo Kapab Evalye* (AMAO); mezi sa yo endike pwogrè ELL yo chak ane. USDE egzije tou pou yo fè paran yo konnen si nenpòt distri lekòl la pa fè pwogrè pou reyalize objektif sa yo.

Yo itilize twa (3) *AMAO* pou ELL pou mezire pwogrè chak ane pou distri lekòl ki resevwa lajan Tit III:

- *AMAO 1 = Pwogrè nan vin gen konesans nan lang Angle*

Ane akademik	Tande/ Pale (K-12)		Ekriti (K-12)		Lekti (K-12)	
	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta
2011-2012	75	72	59	64	61	65

- *AMAO 2 = Pousantaj elèv ki vin konpetan nan lang Angle*


Ane akademik	Klas (K-2)		Klas (3-5)		Klas (6-8)		Klas (9-12)	
	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta
2011-2012	18	52	21	16	16	21	17	17

- *AMAO 3 = Pèfòmans elèv yo nan lekli ak matematik ki montre si gen ase pwogrè ki fèt nan ane sou wout pou redui pousantaj elèv ki pa konpetan nan lang Angle yo a mwatye anvan 2016-2017.*

Ane akademik	Lekti		Matematik	
	Objektif	Rezilta	Objektif	Rezilta
2011-2012	42	39	50	49

Lèt sa a se pou fè ou konnen distri lekòl pitit ou pa t satisfè youn oswa plizyè nan AMAOS yo pou ane 2011-2012. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogrè pitit ou nan fason li vin konpetan nan lang Angle, fason ou kapab patisipe pi plis nan lekòl pitit ou, epitou pou jwenn lòt enfòmasyon konsènan *AMAO* yo, kontakte Madan Beatriz Zarraluqui, Direktè Distri Divizyon Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal, nan 305 995-2428.

Ak tout kè mwen,


Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

AMC:lmm
L667